| | | |
|---|---|---|
| **QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ SHOMANAY RAYONÍ HÁKIMINIŃ SHE SHIMI** | | **QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI SHUMANAY TUMANI HOKIMINING QARORI** |

2021 - yil 3 - dekabr 163-13-193-Q/21 Shomanay rayonı hákimligi

**Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2021-jil 19-noyabr kúngi «Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2021-jıl 4-noyabr kúngi "Shet el xızmet saparların ámelge asırıwda ministrlikler, mákemeler hám jergilikli atqarıw uyımları basshılarınıń jeke juwapkershiligin jáne de asırıw ilajları haqqında"ǵı 673-sanlı qararı haqqında»ǵı 157-13-0-Q/21-sanlı qararınıń orınlanıwın támiyinlew maqsetinde:**

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2021-jil 19-noyabr kúngi «Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2021-jıl 4-noyabr kúngi "Shet el xızmet saparların ámelge asırıwda ministrlikler, mákemeler hám jergilikli atqarıw uyımları basshılarınıń jeke juwapkershiligin jáne de asırıw ilajları haqqında"ǵı 673-sanlı qararı haqqında»ǵı 157-13-0-Q/21-sanlı qararınıń orınlanıwın támiyinlew maqsetinde hám Ózbekstan Respublikasınıń «Jergilikli mámleketlik hákimiyatı haqqında»ǵı Nızamınıń 6,25-statyalarına tiykarlanıp, Shomanay rayonı hákimi

**SHESHIM ETEDI:**

1. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2021-jil 19-noyabr kúngi «Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2021-jıl 4-noyabr kúngi "Shet el xızmet saparların ámelge asırıwda ministrlikler, mákemeler hám jergilikli atqarıw uyımları basshılarınıń jeke juwapkershiligin jáne de asırıw ilajları haqqında"ǵı 673-sanlı sheshimi haqqında»ǵı 157-13-0-Q/21-sanlı qararı orınlaw ushın basshılıqqa alınsın.

2. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń joqarıdaǵı qararı menen:

Qaraqalpaqstan Respublikasındaǵı barlıq ministrlikler, mákemeler hám de qala hám rayon hákimliklerine;

Shet el xızmet saparların ámelge asırıwda Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2017-jıl 3-avgusttaǵı "Shet el xızmet saparlarında bolıw natiyjeliligi hám shet el delegaciyalarınıń Ózbekstan Respublakasına saparların shólkemlestiriw ushın lawazımlı shaxslardıń jeke juwapkershiligin jáne de asırıw ilajları haqqında"ǵı PQ-3170-sanlı qararın hám usı qarar talaplarına sózsiz ámel etiliwi ushın jeke juwapker ekenlikleri haqqında eskertilgenligi.

on kún múddette Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2017-jıl 3-avgusttaǵı PQ-3170-sanlı qararı hám de bul qarar talapların, barlıq basshı hám xızmetkerleri qatnasıwında ózleriniń kollegial organları jıynalıslarında talqılaw ilajların kóriw.

Sonday tártip ornatılǵanlıǵı, oǵan kóre shet el xızmet saparı juwmaqları boyınsha usınıs etken esabatı belgilengen tártipte Ózbekstan Respublikası Prezidenti Admınıstraciyasi tárepinen biykarlaw etilgen

hám de shet el xızmet saparı nátiyjeleri qanaatlandırarsız dep tabılǵan jaǵdayda xızmet saparı ushın ajıratılǵan byudjet qárejetleri delegaciya basshısı hám tiyisli jónelis boyınsha belgilengen joybardı atqarmaǵan delegaciya quramına kiritilgen juwapker basshılar esabınan Mámleket byudjetine qaytarılıwı inabatqa alıw tapsırılǵanlıǵı **maǵlıwmat ushın qabıl etilsin.**

3. Usı sheshimniń orınlanıwın qadaǵalawdı óz juwapkershiligimde qaldıraman.

**Hákim** **B.Yangibaev**